



Dwa ak Obligasyon ou yo Selon Lwa sou Taks la

Youn nan prensipal fonksyon Depatman pou Taks ak Finans (Department of Taxation and Finance) se ede moun k ap peye taks yo konprann dwa ak responsabilite yo. Li esansyèl pou moun k ap peye taks yo konnen dwa sa yo pou kapab kenbe efikasite ak ekite nan sistèm taks lokal ak nan eta a.

Eta New York etabli yon deklarasyon sou dwa moun k ap peye taks yo nan Atik 41 nan Lwa sou taks la. Depatman pou Taks la ede moun k ap peye taks yo pandan l ap ba yo:

- deklarasyon ki pa teknik ki eksplike dwa moun k ap peye taks yo ak obligasyon depatman an nan sa ki konsène odit yo;
- pwosedi ki pèmèt moun k ap peye taks yo konteste desizyon depatman an, fè demann ranbousman, ak depoze plent; ak
- pwosedi depatman an ka itilize pou fè respekte lwa sou taks yo (se sa ki rele *pwosedi rekouvremant* an).

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa ou yo kòm moun k ap peye taks sou sit entènèt nou an, li gen ladan l tout piblikasyon yo site anba a, oswa pandan w ap rele nou (gade nan *Èske ou bezwen èd?* nan fen piblikasyon sa a).

Piblikasyon sa a fè yon rezime sou dwa moun k ap peye taks yo genyen nan diferan etap pwosesis administrasyon pou taks la.

Odit sou Taks nan Eta New York

Nou fè odit pou verifye moun k ap peye taks yo peye montan ki kòrèk la pou taks la. Selon lwa fiskal nan Eta New York ou dwe bay pandan odit la kèlkeswa dokiman ki nesèsè pou verifye enfòmasyon ou te deklare nan deklarasyon ou a. Selon tip deklarasyon k ap gen pou nan odit la, li ka gen ladan l yon egzamen revni ou a, resi, depans, kredi, ak lòt dokiman komèsyal yo.

Nòm pou fè yon odit pwofesyonèl

Odit yo fèt selon nòm odit pwofesyonèl yo, se yon oditè nan Depatman Taks ki jeneralman abitye avèk prensip kontab yo aksepte ak teknik odit yo ki fè l.

Pou evite nenpòt konfli enterè, oditè a pa dwe gen okenn relasyon avèk moun k ap peye taks la, fanmi moun k ap peye taks la, oswa anplwaye moun k ap peye taks la (nan ka kote y ap fè odit pou yon biznis). Anplis, oditè a pa dwe gen okenn relasyon pèsonèl oswa enterè finansye nan biznis kote l ap fè odit la.

Pandan odit la, ou gen dwa pou resevwa yon tretman ki jis, janti ak pwofesyonèl. Si pandan nenpòt moman pandan odit la ou santi yo vyole estanda sa yo oswa nenpòt nan dwa ou yo, ou dwe kontakte sipèvizè oditè ou a tousuit.

Pou siyale akizasyon ou genyen sou move konpòtman yon anplwaye, kontakte Biwo pou Afè Entèn yo pandan w ap rele nan 518-451-1566, oswa pa lapòs nan:

**NYS TAX DEPARTMENT
OFFICE OF INTERNAL
AFFAIRS W A HARRIMAN
CAMPUS ALBANY NY 12227-
0811**

Si ou pa itilize Lapòs Etazini, gade nan Piblikasyon 55, *Sèvis Livrezon Prive yo Chwazi*.

Dwa ou genyen pandan yon odit

Si ou dwe kolabore avèk oditè a, ou dwe konnen dwa ou genyen yo tou. Dwa sa yo fèt pou:

- pwoteje w kont demann ki pa rezonab yo,

- diminye pwoblèm nan biznis ou a oswa nan lavi pèsonèl ou pandan odit la, ak
- pwoteje w kont aksyon abitè.

Delè pou preskripsyon an

Lwa fiskal nan Eta New York jeneralman bay yon delè pou preskripsyon ki se twa (3) lane sou dwa nou genyen pou reklame yon taks anplis yon moun dwe (jeneralman, twa (3) lane apre ou fè deklarasyon ou a). Sepandan, gen yon delè pou preskripsyon ki se sis (6) lane ki aplike pou reklame taks anplis yon moun dwe lè gen yon operasyon abizif evitman fiskal, oswa lè moun k ap peye taks la pa deklare 25% oswa plis nan revni li yo. Moun k ap peye taks la ak depatman an ka dakò alekri pou pwolonje delè pou preskripsyon an anvan li ekspire.

Delè pou preskripsyon an pa aplike lè w ap reklame yon taks anplis, sepandan, pou nenpòt peryòd kote moun k ap peye taks la pa t depoze yon deklarasyon, kote li pa t siyale chanjman Sèvis Entèn pou Revni (Internal Revenue Service, IRS) te fè nan yon deklarasyon taks federal (*chanjman federal*), oswa si li te ranpli yon fo deklarasyon oswa ki gen fwod nan entansyon pou pa peye taks.

Pou sa ki konsène taks sou revni, taks sou eritaj ak pou sosyete yo, moun k ap peye taks la jeneralman gen obligasyon pou siyale yon chanjman federal bay Eta New York la nan yon delè ki se 90 jou apre desizyon definitiv pou chanjman, koreksyon, renegosyasyon, oswa refi a.

Pou deklarasyon modifiye ki te depoze nan dat 12 Avril 2018 oswa apre, delè pou preskripsyon pou dwa nou genyen pou reklame taks anplis yo dwe nou, ki atribiye avèk yon chanjman oswa yon koreksyon ki fèt sou deklarasyon modifiye sa a, li se jeneralman yon lane apati dat yo te depoze deklarasyon modifiye a (sof si gen yon delè ki pi long ki aplike oswa si deklarasyon ki modifiye a fèt akòz chanjman federal).

Vi prive ak konfidansyalite

Ou gen dwa pou konnen poukisa nou mande w kèk enfòmasyon, kòmman nou pral itilize enfòmasyon sa yo ak konsekans k ap genyen si ou pa soumèt enfòmasyon sa yo. Lwa sou taks la entèdi pou nou pataje enfòmasyon nou te jwenn apati yon deklarasyon taks oswa pandan yon odit, bay nenpòt moun ki pa otorize. Sepandan, lwa sou taks la otorize nou pou nou pataje enfòmasyon sou taks ou yo avèk IRS ak lòt ajans gouvènman an, pandan n ap respekte nòm konfidansyalite ak respiposite yo.

Reprezantan pandan yon odit

Ou ka reprezante tèt ou pou kont ou, ou kapab gen yon moun ki vini avèk ou, oswa ou kapab fè yon moun reprezante w pandan yon odit. Nenpòt moun ki reprezante w dwe gen otorizasyon alekri ki apwopriye a (Fòm POA-1, *Pwokirasyon*) ou ba li pou li aji nan non w. Pou kapab jwen enfòmasyon sou kòmman pou ranpli yon pwokirasyon, ale sou sit entènèt nou a oswa rele nou (gade nan *Èske ou bezwen èd?*). Ou ka angajeyon reprezantan pandan nenpòt moman nan odit la, oswa kanpe yon reyinyon oswa yon entèvyou pandan yon peryòd rezonab pou w kapab jwenn yon reprezantan.

Ansyen anplwaye Depatman pou Taks ak Finans pa gen dwa pou reprezante moun k ap peye taks yo devan depatman an pandan de (2) lane apre yo kite depatman an. (Selon kèk restriksyon, ansyen anplwaye yo ka reprezante moun k ap peye taks yo devan Divizyon Endepandan pou fè Apèl pou Taks pandan peryòd de (2) lane sa yo.) Ansyen anplwaye yo gen entèdiksyon definitiv pou yo reprezante moun k ap peye taks yo nan dosye yo te enplike dirèkteman nan travay yo a.

Paj 2 sou 8 Piblikasyon 131 (10/19)

Anrejistreman Odyo

Ou ka fè yon anrejistreman odyo pou nenpòt entèvyou ki ap fèt anpèsòn pandan w ap ba nou alavans yon avi alekri. Ou dwe fè anrejistreman an avèk lajan w ak materyèl pa w. Nou gen dwa pou nou anrejistre nenpòt entèvyou ki ap fèt anpèsòn pandan nou ba ou alavans yon avi alekri. Si ou fè demann lan, nou ap fè ou jwenn yon transkripsyon oswa kopi anrejistreman an, men se sèlman si ou ranbouse nou pou frè a.

Odit ki al fèt sou teren

Jeneralman, nou pwograme odit ki pral fèt sou teren yo omwen 15 jou alavans, se yon fason pou ba ou plis tan pou rasanble dokiman ki obligatwa yo. Lè yo chwazi w pou yon odit ki pral fèt sou teren, gen yon oditè k ap kontakte w pou pwograme premye randevou a. Ou ap resevwa yon lèt ki ap konfime randevou a epi k ap dekri liv ak dosye ou dwe bay yo. Pou odit ki ap fèt nan biznis yo, pifò randevou yo ap fèt nan espas biznis ou a pou diminye tan w ap fè lwen aktivite biznis ou a. Si ou bezwen plis pase 15 jou pou rasanble dokiman ki nesèsè yo, jeneralman ou kapab mande yon pwolongasyon ki rive jiska 30 jou. Pou delè ki plis pase 30 jou yo, ou dwe fè yon demann alekri ki jistifye rezon ki fè ou bezwen tan anplis la.

Konferans pou louvri

Nan premye rankont ou a (*konferans pou louvri*), oditè a pral:

- eksplike apwòch ak pwosedi odit la,
- eksplike pwosesis odit la, ak
- prezante dwa ou genyen pou konteste ak pou ale ann apèl nan ka kote ou pa dakò avèk yon ajisteman nan yon odit.

Itilize reyinyon sa a pou poze nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan dwa ak responsabilite ou yo.

Metòd pou fè odit yo

Nou itilize plizyè metòd odit diferan pou reyalize odit yo. Nou ka fè

- yon odit detaye
- yon odit ki enplike yon peryòd tè, oswa
- yon odit ki enplike yon metòd echantiyon estatistik.

Metòd oditè a chwazi a depann sou plizyè varyab, tankou kalite taks, presizyon ak disponibilite dosye yo, epi gwosè ak konpleksite biznis la.

Anplis, objektif yon odit ka elaji ak konplete kòm yon odit ki gen plizyè taks.

Si premye konklizyon nou jwenn yo gen yon efè enpòtan sou deklarasyon yon lòt taks, konklizyon sa yo kapab voye nou nan yon lòt espesyalite fiskal pandan nenpòt moman nan pwosesis odit la. Nou ka itilize ajisteman odit ki fèt nan youn (1) nan espesyalite fiskal kòm baz pou rekalkile taks nan yon lòt, selon fè ak sikonstans ki gen nan youn ka.

Pou taks sou lavant ak taks sou konpansasyon, nou ka estime nenpòt taks anplis si, kòm repons pou demann dosye yo, ou pa gen okenn dosye, oswa dosye ou bay yo pa ase bon pou detèmine taks ou dwe yo.

Peryòd ak tan yo pran pou fè yon odit

Yon odit kouvri jeneralman yon peryòd twa (3) lane, epi li kapab pran kèlke jou oswa li kapab ale jiska yon lane oswa plis pou li fini. Tan li ap dire a depann sou konpleksite deklarasyon k ap gen pou sibi odit yo, ak sou disponibilite, epitou li pral depann si dosye a konplè ak egzak.

Konklizyon sou sa odit la jwenn sou teren an

Si nou detèmine pa gen okenn chanjman ki nesèsè, nou ap voye yon lèt pou w fè w konnen pa gen okenn chanjman ki ap fèt nan deklarasyon ou a, nan demann ranbousman, oswa nan dokiman yo.

Si gen chanjman, oditè a ap prezante kopi dokiman travay odit la epi l ap eksplike sa li jwenn nan odit la, ansanm ak metòd ak pwosedi odit li te itilize pandan odit la, nan tèms ki senp epi ki pa teknik. Sa li jwenn yo ka gen ladan l:

- chanjman li rekòmande nan fason dosye yo anrejistre pou korije erè nan kontabilite li te jwenn pandan odit la,
- yon eksplikasyon sou bon fason pou entèprete Lwa sou Taks nan domèn kote erè yo te fèt,
- yon avi sou sa ou dwe pou yon taks anplis, oswa
- yon avi ki endike ou dwe yon ranbousman.

Nou ap ba ou yon tan ki rezonab pou egzamine sa nou jwenn nan odit la. Apresa, oditè pral analize nenpòt enfòmasyon anplis ou soumèt epi, si li apwopriye, l ap revize ak soumèt papye travay li a yon lòt fwa.

Si rezilta odit la se yon ranbousman nou ap ba ou nenpòt èd ki ka nesèsè.

Si ou dakò

Si ou dakò avèk konklizyon odit la, nou ap mande w pou siyen *Deklarasyon pou Modifikasyon ki Pwopoze pou Odit la*, oswa dokiman ki menm jan, epi pou w pote l tounen bay oditè a avèk tout peman an.

Si ou dwe lajan men ou pa kapab peye tout kòb la tousuit, ou ka kalifye pou yon akò peman ki fèt pa etap, sa ki ap pèmèt ou separe peman ou yo sou yon peryòd tan (gade nan *Akò peman ki fèt pa etap*). Sepandan, ou dwe konnen, enterè a (epi petèt penalite yo) ap kontinye ogmante sou balans ou pa peye a.

Si ou pa dakò

Si ou pa dakò avèk konklizyon odit la, fè nou konnen dezakò ou a nan *Deklarasyon pou Modifikasyon ki Pwopoze pou Odit la* epi pote l tounen pou oditè a. Ou ka mande reyinyon anplis avèk sipèvizè oditè a, si li nesèsè.

Si ou toujou pa dakò avèk konklizyon odit la, nou ap voye yon *Avi Ensifizans* oswa yon *Avi Detèminasyon* pou taks ou dwe yo. Nan nivo sa a, ou ka ale nan apèl pou konklizyon odit la yon fason ki fòmèl

ki fèt swa atravè Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon, oswa atravè Divizyon pou ale nan Apèl pou Taks. Jeneralman, ou dwe depoze apèl ou a nan delè 90 jou apre dat ou te resevwa avi a (gade nan *Dwa ou genyen pou konteste yon desizyon Depatman Taks la*)

te pran. Gade nan avi ou resevwa a pou konnen delè ki aplikab la. Ou dwe soumèt yon apèl alekri menm si ou te ekri depatman an deja epi ou te konteste desizyon yo te pran nan pwopozisyon an.

Menm si li pa obligatwa pou peye lè gen yon apèl pou yon *Avi Ensifizans* oswa pou yon *Avi Detèminasyon*, ou ka peye montan ou dwe yo pwopoze a, pou kapab kanpe kòb anplis k ap monte a ak nenpòt penalite ou dwe, si apre kèk tan yo ta jwenn ou koupab.

Epitou, ou ka peye pou nenpòt taks ou dwe epi apres a depoze yon demann ranbousman nan delè ki aplikab pou taks ki konsène a. Si nou refize demann ou a nèt oswa yon fason ki pasyèl, apres a ou ka chwazi pou fè apèl yon fason ki fòmèl nan Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon, oswa nan Divizyon pou ale nan Apèl pou Taks. nan delè legal ki aplikab la.

Odit sou dokiman yo

Odit sou dokiman yo se yon egzamen deklarasyon taks, demann ranbousman, oswa lòt dokiman ou te soumèt. Pafwa, yon odit sou dokiman gen ladan l oswa li baze sou enfòmasyon nou jwenn nan men lòt sous tankou IRS. Epitou, li ka gen ladan l yon deklarasyon nou kwè ou te dwe ranpli. Nou ap fè ou konnen gen yon odit sou dokiman yo ki ap fèt sèlman si nou bezwen plis enfòmasyon, oswa si nou detèmine ou dwe taks anplis oswa yo dwe w yon ranbousman.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap voye yon lèt pou enfòmasyon sou odit sou dokiman yo ak demann pou enfòmasyon ki nesèsè a. Nou ap ba ou yon tan ki rezonab pou reponn ak demann la. Si ou reponn, n ap egzamine repons ou a epi n ap enfòmasyon w sou konklizyon nou yo.

Konklizyon sou odit sou dokiman yo

Si nou detèmine pa gen okenn chanjman ki nesèsè, nou ap voye yon lèt pou w fè w konnen pa gen okenn chanjman ki ap fèt nan deklarasyon ou a, nan demann ranbousman, oswa nan dokiman yo.

Si gen taks anplis pou peye, ou ap resevwa dokiman sou *Deklarasyon pou Modifikasyon ki Pwopoze pou Odit la* oswa dokiman ki menm jan k ap eksplike rezon an. Nou ap ba ou yon tan ki rezonab pou reponn. Apresa, teknisyen an pral analize repons ou a, epi, si li apwopriye, l ap fè nempòt ajisteman nan montan ou dwe a. Si, nan yon lòt ka, rezilta odit la abouti ak yon ranbousman, ou ap resevwa notifikasyon sou ranbousman ou a avèk yon lèt eksplikasyon, sof si ou dwe lòt taks oswa yon dèt yo te voye bay Depatman Taks la (gade nan *konpansasyon*).

Si premye konklizyon nou jwenn yo gen yon efè enpòtan sou deklarasyon yon lòt taks, konklizyon sa yo kapab voye nou nan yon lòt espesyalite fiskal pandan nempòt moman nan pwosesis odit la. Nou ka itilize ajisteman odit ki fèt nan youn (1) nan espesyalite fiskal kòm baz pou rekalkile taks nan yon lòt, selon fè ak sikonstans ki gen nan yon ka.

Si ou dakò

Si ou dakò avèk konklizyon odit la, nou ka mande w pou siyen *Deklarasyon pou Modifikasyon ki Pwopoze pou Odit la*, oswa dokiman ki menm jan, epi pou w peye montan ou dwe a.

Si ou dwe lajan men ou pa kapab peye tout kòb la tousuit, ou ka kalifye pou yon akò peman ki fèt pa etap, sa ki ap pèmèt ou separe peman ou yo sou yon peryòd tan (gade nan *akò peman ki fèt pa etap*). Sepandan, ou dwe konnen, enterè a (epi petèt penalite yo) ap kontinye ogmante sou balans ki pa peye a.

Si ou pa dakò

Si ou pa dakò avèk konklizyon odit la, ou dwe soumèt plis enfòmasyon pou jistifye dezakò ou a, epi voye tounen yon kopi *Deklarasyon pou Modifikasyon ki Pwopoze pou Odit la pou nou*. Teknisyen an ap egzamine nempòt enfòmasyon anplis ou soumèt, epi si li apwopriye, l ap enfòmasyon sou desizyon li yo alekri.

Si ou toujou pa dakò avèk konklizyon odit la, nou ap voye yon *Avi Ensifizans* oswa yon *Avi Detèminasyon* pou taks ou dwe yo. Nan nivo sa a, ou ka ale nan apèl pou konklizyon odit la yon fason ki fòmèl swa atravè Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon, oswa Divizyon pou fè Apèl pou Taks. Jeneralman, ou dwe depoze apèl ou a nan delè 90 jou apre dat ou te depoze avi a (gade nan *Dwa ou genyen pou konteste yon desizyon Depatman Taks la*) pr. Gade nan *avi* ou resevwa a pou konnen delè ki aplikab la. Ou dwe soumèt yon apèl alekri menm si ou te ekri depatman an deja epi ou pa t dakò ak pozisyon ki te pran nan *Deklarasyon pou Modifikasyon ki Pwopoze pou Odit la*, oswa dokiman ki menm jan.

Menm si li pa obligatwa pou peye lè gen yon apèl pou yon *Avi Ensifizans* oswa pou yon *Avi Detèminasyon*, ou ka peye montan ou dwe yo pwopoze a, pou kapab kanpe kòb anplis k ap monte a ak nempòt penalite ou dwe, si apre kèk tan yo ta jwenn ou koupab.

Epitou, ou ka peye pou nempòt taks ou dwe, epi apresya depoze yon demann ranbousman nan delè ki aplikab pou taks ki konsène a. Si nou refize demann ou a nèt oswa yon fason ki pasyèl, ou ka chwazi apresya pou fè apèl yon fason ki ofisyèl nan Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon, oswa nan Divizyon pou ale nan Apèl pou Taks yo nan delè legal ki aplikab la.

Reklamasyon pou ranbousman

Ranbousman yo ka sòti nan nempòt ki kalite taks. Nan pifò ka, ranbousman taks yo sòti nan yon moun ki peye yon taks anplis yo kenbe oswa taks yo estime, oswa yon ranbousman kredi enpo, epi moun k ap peye taks la jeneralman reklame ranbousman an lè li ranpli

deklarasyon taks pou ane a. Nou jenere ranbousman sa yo nan kad premye tretman ki fèt pou deklarasyon ou depoze a.

Aprè ou fin ranpli yon deklarasyon orijinal, ou ka dekouvri ou neglijje yon kredi, dediksyon, oswa yon egzansyon. Pou kèk kalite taks, ou dwe ranpli yon deklarasyon ki modifiye pou reklame ranbousman an. Pou lòt kalite taks yo, ou dwe soumèt yon demann reklamasyon avèk dokiman ki pwouve move peman pou taks la oswa ou te peye plis. Tanpri gade sou sit entènèt nou a pou w jwenn plis enfòmasyon.

Si pandan n ap fè yon odit, evalyasyon, rekouvreman, oswa yon pwosedi egzekisyon, nou remake ou te peye yon taks anplis, nou dwe fè w konn sa. Sepandan, nou pa gen obligasyon pou fè w konnen yon montan ou peye anplis, yon ranbousman ou peye, oswa pou ba w yon kredi si, nan moman nou dekouvri l la peryòd la te fèmen akòz delè pou preskripsyon an.

Jeneralman, si nou pa ba ou ranbousman ou a nan delè ki espesifye a, nou dwe peye w avèk enterè. Pa egzansyon, nou dwe ajoute enterè nan montan ranbousman taks pèsonèl ou a, si nou pa bay ranbousman an nan 45 jou ki vini apre dat limit pou reklamasyon ou a oswa dat ou te ranpli l la, selon dat ki vini an dènye a.

Nou ka apwouve yon demann pou ranbousman, oswa ajiste l oswa refize l. Si li apwouve, w ap resevwa yon ranbousman, plis nempòt enterè ki aplike. Si nou ajiste l, ou ap resevwa yon montan ki pi piti pase sa ou te fè demann lan, ak yon eksplikasyon sou ajisteman yo. Si nou refize reklamasyon ou a nèt oswa yon fason ki pasyèl, nou ap voye yon avi alekri ki eksplike nempòt dwa ou ka genyen pou pwoteste.

Remak: Si ou dwe lòt taks oswa ou gen yon dèt pou nou, pou lòt ajans nan eta a, gouvènman federal la, Vil New York, oswa yon lòt eta, nou ka peye yo tout oswa yon pati nan ranbousman ou a. N ap enfòmasyon w sou *konpansasyon ranbousman* sa a. Si ou gen nempòt kesyon sou yon dèt ou pa dwe nou, kontakte lòt ajans, gouvènman federal, Vil New York, oswa lòt eta a dirèkteman (gade nan *konpansasyon*).

Si ou pa dakò avèk ajisteman an oswa refi pou yon ranbousman, ou ka soumèt plis enfòmasyon pou jistifye pozisyon ou a. Si ou te resevwa yon *Avi pou Refi* fòmèl ki ajiste oswa refize ranbousman ou te mande a, ou ka fè demann pou yon reyinyon konsilyasyon avèk Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon, oswa depoze yon demann pou yon odyans avèk Divizyon pou fè apèl pou taks, nan delè ki endike nan avi a (gade nan *Dwa ou genyen pou konteste yon aksyon Depatman Taks la pran*). Lè ou fè yon lòt korespondans oswa kontak avèk nou li pa pwolonje tan ou genyen pou fè yon demann konsilyasyon oswa pou depoze yon petisyon.

Menm si ou ka fè demann yon reyinyon konsilyasyon oswa depoze yon demann odyans si sis (6) mwa te pase depi ou te depoze yon demann ranbousman nan delè yo te bay la, epi ou pa t depoze anvan sa yon demann pou ensifizans taks sou revni oswa pou yon sosyete pandan menm ane fiskal la, ou ka petèt swete wè nou te gen chans egzamine tout enfòmasyon enpòtan yo. Pou taks sou revni ak taks pou sosyete yo, ou dwe depoze demann oswa petisyon an nan delè de (2) ane apati dat nou te voye *Avi pou Refi* a. Yo prevwa delè diferan pou fè demann yon reyinyon konsilyasyon oswa demann odyans pou lòt taks yo. Pa egzansyon, si nou refize yon reklamasyon pou taks sou lavan, ou dwe depoze yon demann oswa yon petisyon nan delè 90 jou apre dat nou te refize demann lan.

Gen yon delè pou preskripsyon pou fè demann ranbousman yo. Pou pifò taks yo, ou dwe fè deklarasyon ki modifiye, oswa lòt demann pou ranbousman, nan yon delè twa (3) lane apre dat ou te dwe oswa pwodui premye deklarasyon an, oswa nan yon delè de (2) ane apre dat ou te peye taks la, selon dat ki vini an dènye a.

Si ou pa t depoze yon deklarasyon, alò ou dwe depoze yon demann ranbousman nan delè de (2) ane apre ou te peye taks la

Paj 4 sou 8 Piblikasyon 131 (10/19)

Si ou depoze yon deklarasyon ki modifiye oswa yon demann ranbousman sou yon revni, pou yon sosyete, oswa pou taks sou lavant pandan peryòd twa (3) lane a, ranbousman ki otorize a pa dwe depase pati taks ou peye pandan peryòd twa (3) lane ki vini tousuit anvan w depoze demann pou ranbousman an, plis nenpòt peryòd pwolongasyon pou delè pou depoze deklarasyon an. Si ou depoze deklarasyon an oswa demann ki modifiye a nan yon delè de (2) lane, ranbousman ki otorize a pa dwe depase pati taks ou peye pandan peryòd de (2) lane ki vini tousuit anvan w depoze demann pou ranbousman an

Ou ka depoze yon deklarasyon ki modifiye pou taks sou revni, taks pou eritaj, oswa sou sosyete, oswa depoze yon demann ranbousman ki ale pi lwen pase peryòd yo site anwo a, si ranbousman an asosye ak yon chanjman oswa yon koreksyon federal ki dwe deklare ou **dwe** siyale bay Eta New York. Ou dwe depoze yon deklarasyon ki modifiye oswa yon demann pou ranbousman nan peryòd de (2) lane ki vini apre dat ou te dwe avi pou chanjman oswa koreksyon an.

Fòm pou demann ranbousman, deklarasyon, oswa lòt metòd ou dwe itilize depann pou ki taks ou ap fè demann ranbousman an. Pou jwenn enfòmasyon sou delè ki aplikab ki detèmine lè ou dwe prezante demann pou ranbousman an, ak lè pou jwenn fòm ki apwopriye yo, gade nan *Èske ou bezwen èd?*

Penalite ak enterè

Twa (3) rezon ki lakòz yon moun gen penalite pi souvan se:

- deklarasyon taks ki fèt an reta
- taks ki peye an reta, ak
- peman ki pa sifi pou taks ki estime a.

Nan tèm ki pi senp, pou evite peye penalite ak enterè, ou dwe ranpli deklarasyon pou revni a epi peye montan ki kòrèk pou taks yo nan delè yo bay la. Si ou pa klè sou nenpòt nan responsablite pou taks ou yo, itilize resous ki dekri nan piblikasyon sa a pou w aprann plis sou obligasyon ou yo nan kesyon deklarasyon taks.

Montan penalite pou deklarasyon taks ki fèt an reta ak taks ki pa peye jeneralman baze sou kantite taks ou gen reta a. Sepandan, gen divès kalite penalite pou deklarasyon taks ki fèt an reta, menm si ou pa dwe okenn taks.

N ap kontinye ajoute enterè ak penalite sou montan ou dwe a jiskaske nou resevwa tout peman an. Nou konpoze tout enterè yo chak jou. Pou w kapab konnen to enterè ki aplikab yo, ale sou sit entènèt nou a (*Gade nan Èske ou bezwen èd?*).

Dwa ou genyen pou konteste yon aksyon Depatman Taks la te pran

Si ou pa dakò avèk dènye aksyon nou pran an, ou ka konteste l pandan w ap ranpli fòm CMS-1-MN, *Demann pou Reyinyon Konsilyasyon*, nan Biwo konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon, oswa pandan w ap ranpli fòm TA-100, *Petisyon*, pou fè apèl nan Divizyon pou Fè Apèl pou Taks. Aksyon sa yo ka gen ladan l:

- yon avi ensifisans pou taks oswa detèminasyon yo bay;
- refi pou yon demann reklamasyon; oswa
- refi oswa anilasyon yon lisans, anrejistreman, oswa sètifika egzanpsyon.

Ou dwe depoze demann oswa petisyon an nan yon sèten peryòd apati dat Depatman Taks la te voye yon avi pou aksyon ou a pa lapòs. Gade nan avi ou resevwa a pou konnen delè ki aplikab la. Se lwa sou taks yo ki fikse delè sa yo epi yo pa kapab pwolonje. Si ou voye demann oswa petisyon ou a pa lapòs, nou rekòmande w pou itilize yon kourye **sètifye** oswa ki **rekòmande**. Nan objektif règ sa a, dat ou depoze l la se dat Sèvis Lapòs nan Etazini (U.S. Postal Service) mete so sou anvlop ki gen demann oswa petisyon an, oswa dat yon sèvis livrezon prive ki dezinye l anrejistre oswa yo make l jan li dekri nan seksyon 7502 Kòd sou Revni Entèn. Piblikasyon 55, *Sèvis Livrezon Prive yo Chwazi*, lis sèvis livrezon prive ki apwouve pou objektif sa a.

Ou ka prezante poukont ou, oswa ou ka gen yon reprezantan otorize ki prezan pou egzamen dosye ou a. Yon reprezantan otorize dwe gen yon pwokirasyon ou ba li pou li parèt nan non w.

Pou kapab jwen enfòmasyon sou kòman pou ranpli yon pwokirasyon, vizite sit entènèt nou an (*gade nan Èske ou bezwen èd?*).

Si montan ki nan diskisyon an sitiye l nan yon sèten limit lajan, ou ka chwazi pou odyans ou a fèt nan Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks nan inite pou ti reklamasyon (*gade nan opsyon pou fè Ti reklamasyon*). Pou taks sou eritaj, gade nan dwa pou fè apèl pou taks sou eritaj.

Ou pa gen okenn dwa fòmèl pou ale nan odyans nan Biwo Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon oswa nan Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks si ou gen taks, enterè oswa penalite ou dwe pou:

- erè matematik oswa ekriti nan deklarasyon ou a.
- chanjman IRS te fè nan deklarasyon federal ou a, oswa
- ou pa kapab peye tout oswa yon pati nan montan ou dwe a jan sa ekri nan deklarasyon ou a.

Reyinyon pou konsilyasyon

Yon reyinyon pou konsilyasyon se fason ki pi fasil epi ki koute mwens kòb pou rezoud kontestasyon yo san pa gen yon odyans fòmèl. Se yon konsilyatè ki dirije reyinyon an yon fason ki pa fòmèl,

li egzamine tout prèv ki prezante yo pou detèmine yon rezilta ki jis. Apre reyinyon an, abit la ap voye yon pwopozisyon rezolisyon nan fòm yon konsantman. Lòd pou konsilyasyon sa a obligatwa sof si ou depoze yon petisyon nan Fòm TA-100, nan Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks. Gade nan enfòmasyon ou resevwa avèk lòd la pou w kapab konnen delè ou genyen pou depoze l.

Reyinyon pou konsilyasyon yo pa disponib pou distribitè yo, transpòtè k ap enpòte yo, operatè nan tèminal yo, oswa biznis petwòl yo lè pwoblèm lan se yon ogmantasyon pou yon obligasyon oswa lòt sekirite. Se sèlman Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks ki ka jere pwoblèm sa yo.

Ou ka fè demann yon reyinyon pou konsilyasyon avèk depatman an atravè yon kont pou Sèvis Anliy (ale sou sit entènèt nou an epi chèche: *OLS* pou kreye yon kont si w pa gen youn) oswa pandan w ap voye Fòm CMS-1-MN bay Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon pandan w ap voye yon faks nan 518-435-8554 oswa pa lapòs nan:

**NYS TAX DEPARTMENT
CONCILIATION & MEDIATION
SERVICES W A HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227-0918**

Si ou pa itilize Lapòs Etazini, gade nan Piblikasyon 55, *Sèvis Livrezon Prive yo Chwazi*.

Odyans pou ale nan apèl pou kesyon taks

Pou fè demann odyans pou ale nan apèl pou kesyon taks, ou dwe ranpli Fòm TA-100 nan Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks. Ou dwe ekri petisyon an alekri epi li dwe di yon fason ki espesifik ki aksyon ou ap konteste.

Odyans lan se yon pwosedi ki mete moun fas a fas devan yon jij administratif ki pa gen patipri. Y ap anrejistre odyans lan nan yon estenograf. Apre odyans lan, jij administratif lan ap pran yon desizyon ki ap rezoud kesyon ki nan diskisyon yo, sof si ou menm oswa Depatman Taks la mande pou gen yon egzamen sou desizyon Tribinal pou Ale nan Apèl pou Taks la pran an. Si sa rive, tribinal la pral:

- egzamine dosye odyans lan ak nenpòt agiman ki soti nan bouch oswa ki ekri, **epi**
- pran yon desizyon ki konfime, ki anile, oswa modifiye desizyon jij administratif la, **oswa**
- ki voye dosye a devan jij administratif la ankò pou yon lòt odyans.

Fòm TA-100 ak *Règ pou Pratik ak Pwosed* yo disponib sou sit entènèt Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks ak Tribinal pou Ale nan Apèl pou Taks nan www.dta.ny.gov. Ou ka fè demann yo tou pandan w ap rele nan 518-266-3000, oswa pandan w ap ekri nan:

**DIVISION OF TAX
APPEALS AGENCY
BUILDING 1 EMPIRE
STATE PLAZA ALBANY
NY 12223**

Lè w fè demann fòm pou petisyon ak règ yo li **pa** konsidere kòm yon petisyon ou depoze pou yon odyans nan objektif pou gen yon delè, epi li pa pwolonje delè ou genyen pou depoze yon petisyon.

Egzamen nan Tribinal la

Si ou pa dakò avèk desizyon Tribinal pou Ale nan Apèl pou Taks la pran, ou ka mande yon egzamen nan tribinal la. Gen delè ki pèmèt ou fè demann pou egzamen nan tribinal la (jeneralman se nan kat (4) mwa ki vini apre Tribinal pou Ale nan Apèl pou Taks te fè ou konnen desizyon an atravè kourye sètifye oswa sèvis pèsònèl). Pou kèk taks, ou dwe peye taks la, enterè, ak penalite a; oswa depoze yon obligasyon pou montan sa yo, plis frè jistis yo, lè ou depoze yon apèl pou egzamen nan tribinal la.

Opsyon pou Ti reklamasyon

Si montan ki nan diskisyon an nan limit pou lajan ki fikse selon *Règ pou Pratik ak Pwosed*, ou ka chwazi pou odyans ou a fèt nan Inite pou Ti Reklamasyon ki nan Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks. Yon prezidan ki pa gen patipri ap dirije odyans pou ti reklamasyon yo yon fason ki pa fòmèl. Desizyon prezidan an pa ka chanje epi pa gen okenn lòt inite nan Divizyon pou Ale nan Apèl pou Taks, Tribinal pou Ale nan Apèl pou Taks oswa nenpòt tribinal nan eta a ki ka egzamine l.

Relach nan responsabilite ou kòm mari oswa madanm ki inosan

Si ou depoze yon deklarasyon taks pou nou toulède, ou menm oswa mari oswa madanm ou a jeneralman responsab pou taks la ak nenpòt enterè oswa penalite nou dwe sou deklarasyon an. Sa vle di si youn nan nou pa peye pou taks nou dwe a, lòt la ka gen pou peye l. Ou ka kalifye pou yon relach nan responsabilite pou taks nou gen pou peye ansanm si:

- gen yon estimasyon ki pi piti ki fèt pou taks yo paske mari oswa madanm ou pa t mete revni yo oswa te mande fo dediksyon oswa kredi;
- nou divòse, separe, oswa ou p ap viv ak mari ak madanm ou ankò; epi
- lè yo konsidere tout sa ki pase ak sikonstans yo, li pa t ap jis pou fè w responsab pou taks la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale gade nan:

- Piblikasyon 89, *Relach pou Mari oswa Madanm ki Inosan (ak Separasyon Responsabilite ak Èd Ekitab) ak*
- Fòm IT-285, *Demann Relach pou Mari oswa Madanm ki Inosan (ak Separasyon Responsabilite ak Èd Ekitab) ak enstriksyon yo.*

Dwa pou Ale nan Apèl pou Enpo pou Eritaj

Ou ka konteste yon Avi pou Ensisifans oswa yon refi pou demann ranbousman pou taks pandan w ap ranpli Fòm CMS-1-MN nan Biwo pou Konsilyasyon ak Sèvis Medyasyon (gade *Dwa ou genyen pou konteste yon aksyon Depatman Taks la te pran*) oswa lè w depoze yon petisyon

pou komanse yon pwosedi espesyal nan Tribinal pou Siksesyon yo (Surrogate Court). Si ou ta renmen fè yon aksyon nan jistis, men ou chwazi pa depoze Fòm CMS-1-MN, oswa si ou pa dakò avèk yon Lòd Konsilyasyon, ou dwe depoze yon *Avi pou Petisyon* ak yon *Petisyon ki Verifye* nan Tribinal pou Siksesyon ki nan konte a ki gen konpetans nan siksesyon. Ou dwe ekri petisyon an alekri, epi li dwe di yon fason ki espesifik ki aksyon ou ap konteste.

Ou dwe ranpli ak depoze petisyon an selon lwa ki aplike yo, nan dat ki endike nan *Avi pou*

Pou w jwenn yon fòm pou petisyon an, kontakte grefye ki nan Tribinal Lokal pou Siksesyon an ki gen konpetans nan eritaj. Lè w fè demann fòm pou petisyon ak règleman yo li **pa** konsidere kòm yon petisyon ou depoze, epi li pa pwolonje delè ou genyen pou depoze yon petisyon.

Si ou depoze yon *Avi pou Petisyon* ak yon *Petisyon ki Verifye* nan Tribinal pou Siksesyon an, ou dwe depoze yon kopi nan menm moman an bay Komisè pou Fiskalite ak Finans. Voye li pa lapòs pou:

**NYS TAX
DEPARTMENT
OFFICE OF COUNSEL
W A HARRIMAN
CAMPUS ALBANY NY
12227-0911**

Si ou pa itilize Lapòs Etazini, gade nan Piblikasyon 55, *Sèvis Livrezon Prive yo Chwazi*.

Pwosesis Rekouvreman an

Lè dwa ou genyen pou fè apèl yo ekspire oswa yo fini, Divizyon pou Ranfòsman Sivil nou a kòmanse avèk pwosedi rekouvreman an. Anvan li kòmanse avèk sa a, ou ap gen opòtinite pou peye dèt ou gen pou taks ou yo. Nan kèk sikonstans, ou ka fè demann pou yon akò peman ki fèt pa etap, sa ki ap pèmèt ou separe peman ou yo.

Si ou gen gwo pwoblèm finansye, ou ka deside pou soumèt yon pwopozisyon pou jwenn yon akò. Sepandan, nou p ap nesesèman aksepte pwopozisyon an. Nou konsidere pwopozisyon ki sòti nan men moun k ap peye taks:

- ki sa pa gen twò lontan te sòti nan yon fayit,
- ki pa gen fon pou peye dèt li yo (dèt yo depase sa yo rantre), epi
- si moun sa fè yon ranbousman konplè li t ap lakòz **yon gwo difikilite ekonomik**, pa egzanp moun nan p ap kapab peye depans rezonab li bezwen pou l viv.

Jeneralman, montan ki pwopoze nan yon akò dwe montre yon fason ki rezonab chans ki genyen pou rekouvreman an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwopozisyon pou jwenn yon akò, gade nan Piblikasyon 220, *Pwogram sou Pwopozisyon pou Jwenn yon Akò*.

Akò pou peman ki fèt pa etap

Si ou pa kapab peye montan total pou dèt ou a nan yon sèl fwa, ou ka kalifye pou yon akò peman ki fèt pa etap. Pou aplike, ale sou sit entènèt nou a (Gade nan *Èske ou bezwen èd?*). Nan kad akò a, ou ka peye montan total pou taks ou a nan peman pa mwa ki fèt pa etap. Nou ap etabli yon akò pou peman dirèk avèk enstitisyon finansye ou a, ki fè konnen y ap retire peman chak mwa a yon fason otomatik epi y ap remèt li bay bank nou a ki ap fè tretman an.

Sepandan, li pa limite montan total ou dwe a. Jiskaske ou fin peye taks ou dwe yo, enterè ak penalite yo ap kontinye ogmante sou nenpòt balans ou pa peye.

Pou w kalifye pou yon akò peman ki fèt pa etap, ou ap bezwen ranpli Fòm DTF-5, *Deklarasyon sou Sitiyasyon Finansye*, epi w ap bezwen bay lòt enfòmasyon pou jistifye sitiyasyon finansye ou genyen aktyèlman ak enkapasite ou genyen pou fè tout peman an. Epitou, ou dwe depoze deklarasyon ou yo epi peye pou tout taks k ap vini yo nan lè ou dwe yo.

Si ou pa peye pou nouvo taks ou dwe yo, oswa ou pa depoze deklarasyon ou a alè, ou ap gen yon defo peman dapre akò a. Apre nou ba ou avi pou defo peman an, apres a nou ka rebran aksyon pou rekouvreman an pou dèt la selon akò peman an, oswa nou ka chanje oswa kanpe akò a.

Nou ap aplike nenpòt peman, ranbousman, oswa montan yo dwe w nan dèt ou ap peye pa etap la. tout montan yo aplike yo ap diminye delè pou ranbousman ki nan akò pou peman ki fèt pa etap, men ou toujou gen obligasyon pou peye

Paj 6 sou 8 Piblikasyon 131 (10/19)

montan chak mwa ou te dakò a jiskaske ou fin peye tout dèt la (gade nan *Konpansasyon*).

Nou ka kanpe yon akò peman ki fèt pa etap nenpòt kilè, san nou pa bay yon avi, si nou kwè gen risk nan rekouvremant pou taks la. Nan yon lòt fason, nou ka kanpe oswa chanje yon akò peman ki fèt pa etap sèlman avèk yon avi pou piti 30 jou ki bay alavans, epi ki eksplike rezon an, nan nenpòt nan sitiyasyon sa yo:

- Nou jwenn enfòmasyon ou te bay anvan ou te rantrè nan kontra a pa kòrèk oswa yo pa konplè.
- Sitiyasyon finansye ou a chanje yon fason ki enpòtan.
- Ou pa peye yon peman ki fèt pa etap oswa nenpòt lòt taks nan lè ou dwe l la.
- Ou pa respekte delè pou depoze deklarasyon ki gen pou fèt yo.
- Ou pa bay enfòmasyon ki ajou sou sitiyasyon finansye ou a lè yo mande w.

Si nou kanpe akò a, apresya nou ka reprann aksyon rekouvremant pou taks ou dwe yo.

Menm si ou dakò oswa ou pa dakò avèk yon akò peman, nou ka depoze yon manda pou taks bò kote grefye konte ki apwopriye a ak nan Depatman Eta New York pou asire nou genyen priorite sou moun ki te prete w anvan yo (gade nan Manda pou Taks).

Si ou pa peye tout dèt ou genyen pou taks oswa ou pa respekte kondisyon ki genyen nan yon akò pou peman ki fèt pa etap, oswa si nou anile oswa refize yon pwopozisyon pou jwenn yon antant, nou ka itilize nenpòt oswa tout nan aktivite sa yo pou rekouvremant taks ou dwe yo.

Manda pou Taks

Nou ka depoze yon manda pou taks ki kont ou. Yon *manda pou taks* se menm bagay ak yon jijman sivil ki kont ou. Se yon dosye piblik ki depoze nan biwo grefye nan konte New York ki apwopriye a ak nan Depatman Eta ki nan Eta New York. Nou pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak manda a sou sit entènèt Depatman Eta a.

Lè gen yon manda pou taks ki depoze kont ou li ba nou yon privilèj sou byen ak pwopriyete pèsonèl ou genyen, sa ki ka afekte kapasite pou jwenn kredi oswa pou achte oswa pou vann yon byen, epi li pèmèt nou sezi ak vann byen ak pwopriyete pèsonèl ou yo, oswa pou nou sezi salè oswa lòt revni ou yo.

Prelèvman

Yon prelèvman se lè yo sezi byen ou a yon fason ki legal. Nan pifò ka yo, anvan nou fè yon prelèvman, nou ap voye yon Fòm DTF-978, *Avi pou Debitè Jidisyè oswa Obligasyon* ki bay yon lis pwopriyete ki ka egzante nan aksyon rekouvremant. Nan pifò ka nou fè prelèvman an sou kont labank yo, epi li oblije bank lan pou retire lajan an sou kont ou a epi pou l voye l pou nou. Nou ka fè prelèvman tou sou lajan nenpòt tyazyèm pati dwe w, tankou yon prè oswa yon lwaye. Si ou se yon moun k ap peye taks pou biznis, nou kapab mete yon prelèvman sou nenpòt lajan likid ki disponib sou men, oswa sou aktif biznis la, tankou machin ak ekipman.

Egzekisyon pou revni

Yon egzekisyon pou revni se yon kalite prelèvman ki kapab fèt sou salè w. Nou ap mande w pou peye yon fason ki volontè jiska 10% nan salè total ou a lè yo peye w. Si ou pa fè peman yo yon fason ki volontè, nou ap mande moun ki anplwaye ou a pou li retire 10% an nan salè total ou epi pou l voye li pou nou. Egzekisyon pou revni an ap rete anvigè jiskaske ou fin peye dèt pou taks la.

Sezi ak Vann

Nou ka sezi ak vann byen oswa pwopriyete pèsonèl ki pa egzante yo nan anchè.

Pandan yon sezi ki fèt nan yon biznis, ajan rekouvremant yo ka chanje seri biznis ou a, sa ki ap anpeche w gen aksè ak espas biznis ou a ak byen ou yo. Oswa,

ajan yo ka retire tout machandiz ki nan biznis ou a, oswa sezi aktif biznis ou a epi konsève yo yon lòt kote jiskaske yo vann aktif yo nan

anchè.

Si nou sezi pwopriyete ou a, n ap fè w konnen dat, lè, ak kote odyans lan ap fèt. Nan nenpòt moman anvan anchè a kòmanse, nou ap libere byen an epi nou ap remèt ou li si ou peye tout kòb ou dwe a; oswa si ou pran bon jan dispozisyon pou peyetaks, penalite, ak enterè ou dwe yo, ansanm avèk frè nou te depanse pou sezi a ak pou preparasyon anchè a.

Ou gen dwa pou w mande pou yo vann nenpòt pwopriyete yo sezi nan yon delè 60 jou apre demann lan oswa nan yon delè ki pi long. Nou ap respekte demann ou a, sof si li nan bon enterè eta a pou kenbe pwopriyete a nan yon delè ki pi long, n ap enfòme w nan ka sa a.

Nou ap vann pwopriyete ou a selon Lwa ak Règ pou Pratik Sivil ki nan Eta New York.

Depi nou finn vann byen ou yo, n ap voye yon rapò kontabilite sou lajan yo peye pou pwodui ki te nan anchè a. Si pwodui yo depase dèt ak depans nou yo, n ap ba ou sa ki anplis la.

Relach sou prelèvman

N ap fè yon relach sou prelèvman pou tout oswa sou yon pati byen ou yo, epi n ap voye yon avi pou relach, si:

- ou depoze yon demann pou fayit;
- ou peye dèt pou taks ki pa anba a, oswa li vin pa kapab aplike akòz tan an ki pase;
- lè nou fè yon relach sou prelèvman an l ap fasilite rekouvremant pou dèt la.
- ou rantrè nan yon akò pou peman ki fèt pa etap ki prevwa yon fason espesifik pou yo fè yon relach sou prelèvman an;
- Valè ki jis sou mache a pou byen yo sezi yo pi plis pase enpo ou dwe peye a, epi yo ka libere yon pati nan byen yo san li pa deranje rekouvremant pou taks la; oswa
- si ou se yon moun, nou detèmine prelèvman an ap kreye yon gwo difikilite ekonomik akòz pwoblèm finansye ou a.

Si nou sezi byen ki esansyèl nan komès oswa biznis ou a, n ap detèmine si nou kapab debloke byen sa yo pou rezon nou site anwo a. Si nou anile sezi pou byen ou a, nou pa gen entèdiksyon pou nou fè yon lòt prelèvman sou pwopriyete ou a, si li nesesè pou rekouvremant taks ou a.

Nan ka kote gen yon prelèvman ki pa jistifye ki fèt sou yon byen, nou ka remèt ou byen ki te sezi a, lajan ki egal ak valè ki jis sou mache a, oswa montan lajan ki te sezi a, avèk enterè, si li aplikab.

Konpansasyon yo

Nenpòt peman eta a ka dwe w pou byen oswa sèvis ou te vann oswa ou te bay nan nenpòt ajans nan eta a, oswa yon enstriman eta a ka kenbe ak aplike pou nenpòt dèt pou taks ou gen pou eta a. Si ou gen nenpòt peman yo dwe w ki fè pati kalite konpansasyon sa a, nou ap fè ou konnen sa a alavans nan yon avi alekri.

Anplis, nan kèk sikonstans, nenpòt ranbousman nan Eta New York oswa lòt peman yo dwe w kapab konpanse pou peye dèt pou taks pou Eta New York, oswa yo ka voye l nan yon lòt ajans nan eta a, gouvènman federal, Vil New York, oswa yon lòt eta kote ou dwe lajan oswa taks. Lòt ajans nan eta a, gouvènman federal, Vil New York, oswa lòt eta a ap voye yon avi alekri alavans, epi apresya l ap aplike ranbousman ou a sou dèt ou a.

Si ou gen yon ansyen dèt pou taks sou revni ou dwe Eta New York, Vil New York, oswa pou Yonkers, y ap voye li bay gouvènman federal oswa nenpòt eta k ap patisipe nan Pwogram Konpansasyon nan Plizyè Eta a. Yo ka aplike taks ou dwe Eta New York la sou ranbousman pou taks federal sou revni, oswa lòt ranbousman pou eta a jiskaske ou peye montan ou dwe a.

Ranbousman pou yon mari oswa madanm ki pa gen obligasyon

Si ou depoze yon revni avèk mari oswa madanm ou epi w ap atann pou resevwa yon ranbousman, nou ka itilize ranbousman an pou peye taks mari oswa madanm ou a dwe oswa lòt dèt li genyen pou Eta New York. Si ou pa dakò pou yo itilize pati pa w la nan ranbousman pou peye dèt yo, ranpli Fòm IT-280, *Alokasyon ki pa Obligatwa pou Mari oswa Madanm*, epi fè youn (1) nan bagay sa yo:

- Ajoute fòm la nan deklarasyon taks pou revni ou a.
- Ranpli fòm lan nan delè dis jou apre ou resevwa avi nou an ki fè w konnen yo pral itilize ranbousman an pou konpanse lòt dèt.

Fòm IT-280 pa pèmèt ou renonse ak dèt mari oswa madanm ou a genyen pou gouvènman federal la oswa taks ou dwe nan yon lòt eta.

Nou ka anile pèmi pou kondui paske ou pa peye taks Eta New York ka anile pèmi kondui atravè Depatman pou Machin ak Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) si ou gen yon taks ou dwe ki fikse epi ki definitiv ki se pou pi piti \$10,000.

Anvan nou anile pèmi pou kondui ou a, n ap voye yon avi ki fè ou konnen ou gen 60 jou pou w peye tout dèt ou a, pou pran bon jan dispozisyon peman, oswa pou konteste anilasyon an sèlman pou nenpòt nan rezon sa yo:

- Se pa ou menm yo site nan avi kòm moun k ap peye taks.
- Ou te peye tout taks ou dwe a nèt.
- Yo sezi salè ou a poutèt taks ou dwe a, oswa pou pansyon alimantè pou timoun oswa yo konbine pansyon alimantè pou timoun nan ak a ki pou mari oswa madanm.
- Pèmi kondui ou a se yon pèmi kondui komèsyal.
- Ou ap resevwa yon èd piblik oswa yon revni anplis pou sekirite.
- Ou montre lè yo anile pèmi kondui ou a li ap lakòz gwo difikilte ekonomik ki pa apwopriye.
- Nou te konstate yon fason ki pa kòrèk ou pa t respekte kondisyon ki gen nan akò pou peman an plis pase yon fwa pandan yon peryòd 12 mwa.

Epitou, ou ka eseye montre ou kalifye pou relach pou mari oswa madanm ki inosan (gade Piblikasyon 89, Relach pou Mari oswa Madanm ki Inosan (ak Separasyon pou Responsabilite ak Relach Ekitab), oswa yo te kanpe egzekisyon responsabilite ki pa anba yo paske ou te depoze yon petisyon pou fayit (rele Inite pou Fayit nan Depatman an 518-457-3160.

Si ou pa reponn avi a, n ap voye dosye ou a nan DMV pou li anile pèmi kondui ou a. Anvan sispansyon ki gen kounya kòmanse, DMV ap voye yon dènye lèt ki fè ou konnen ou gen 15 jou nan kalandriye sivil la pou rezoud kesyon taks ou dwe yo nan Depatman Taks la. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou w jwenn pèmi kondui ki gen yon itilizasyon ki limite ale sou sit entènèt nou a nan www.dmv.ny.gov.

Evalyasyon pou Moun ki Responsab

Pou taks tankou taks sou lavant ak taks sou itilizasyon, taks yo pran alavans, ak taks sou gaz, nan eta New York moun ki responsab pou yon biznis ka gen responsabilite pèsonèl pou taks ki pa peye pou biznis lan. Yo ka konsidere w kòm yon moun ki responsab si ou se yon dirijan, direktè, oswa yon anplwaye nan yon sosyete oswa nan yon sosyete ki kraze, oswa yon anplwaye pou yon patenarya oswa yon antrepriz endividyèl ki te gen obligasyon pou li aji pou biznis la te kapab respekte Lwa sou Taks ki enpòtan yo. Pou w responsab pou taks ki pran alavans, moun ki responsab lan dwe aji ak tout volonte lè li pa kolekte oswa peye taks la.

Men faktè nou itilize pou detèmine si ou se yon moun ki responsab ou:

- patisipe yon fason ki aktif nan operasyon biznis la sou yon baz ki regilye.
- ou enplike nan desizyon k ap pran pou konnen ki obligasyon

finansyèl ki dwe peye:

- enplike nan aktivite pèsonèl (tankou angaje oswa revoke anplwaye yo);
- gen otorite pou w siyen chèk;
- prepare deklarasyon taks;
- gen otorite sou desizyon k ap pran pou biznis la;
- se direktè fiskal oswa direktè jeneral, oswa
- ou se dirijan yon antrepriz

Nan kèk sikonstans, ou ka resevwa yon evalyasyon pou moun ki responsab, menm si ou pa gen responsabilite pou aji pou biznis la. Pa egzanp, pou taks sou lavant ak sou itilizasyon, nou ka bay yon evalyasyon pou moun ki responsab la kont ou, si ou se manm yon patenarya oswa yon sosyete ki gen responsabilite ki limite, menm si ou genyen oswa ou pa genyen responsabilite pou aji nan non patenarya oswa konpayi ki gen responsabilite limite a.

Si nou bay yon avi evalyasyon pou moun ki responsab la epi ou pa dakò avèk li, jeneralman ou gen 90 jou pou fè apèl, swa pandan ou mande yon reyinyon pou konsilyasyon, oswa ou fè yon petisyon pou odyans nan Divizyon pou ale nan apèl pou kesyon taks. Lè w ale nan apèl li ba w dwa pou ale nan odyans epi prezante nenpòt enfòmasyon ou genyen pou montre ou pa dakò avèk evalyasyon an, ak responsabilite ou genyen kòm moun ki responsab. Nou ap ajoute yon eksplikasyon ki konplè sou dwa ou genyen pou konteste yon evalyasyon avèk dokiman evalyasyon orijinal ou a. Pou taks sou lavant ak sou itilizasyon yo sèlman, y ap konsidere tankou w te ale nan apèl si biznis ou fè demann yon reyinyon konsilyasyon, oswa petisyon pou odyans pou ale nan apèl pou kesyon taks pou menm kesyon dèt pou taks. Sepandan, si ou pa sèten biznis la te ale nan apèl pou kesyon taks alè, epi ou ta swete ale nan apèl pou evalyasyon an, ou ka fè pwòp demann pou reyinyon pou konsilyasyon oswa odyans pou ale nan apèl pou kesyon taks.

Depi evalyasyon pou moun ki responsab la definitiv, nou ka itilize tout metòd rekouvremant ki disponib kont byen ou yo. Nou ka kolekte nan men w tout montan antrepriz la dwe, menm si gen lòt antite oswa moun ki enplike ki ka gen menm evalyasyon an. Yo p ap libere taks moun ki responsab la dwe si antrepriz la fè fayit.

Responsabilite pou egzekite ak sesyonè nan kesyon taks pou eritaj

Si ou se egzekite oswa administratè pou yon eritaj epi ou distribye byen yo bay benefisyè eritaj la, oswa ou peye nenpòt dèt ki gen pou eritaj la anvan ou peye taks pou eritaj nan Eta New York, nou ka pran w kòm moun ki gen yon responsabilite pèsonèl pou taks ki pa peye pou eritaj la. Ou ap kontinye responsab jiska yo peye tout taks pou eritaj la, oswa Depatman an otorize yon relach sou privilèj pou taks ki gen pou eritaj la. Anplis, si ou te resevwa kòm benefisyè byen ki sòti nan eritaj la, nou ka pran w kòm moun ki gen yon responsabilite pou taks ki pa peye pou eritaj la jiskaske nou gen valè pou byen ou te resevwa a. Sepandan, li pa gen ladan l byen moun ki mouri a te genyen avèk mari oswa madanm li ki vivan an.

Kont an Fidisi

Si ou se yon biznis ki dwe taks sou lavant ak itilizasyon, oswa ki kenbe taks yo, ou ka bezwen etabli yon kont an fidisi oswa yon kont apa nan yon enstitisyon finansyèl, pou depoze taks yo lè ou kolekte yo nan men kliyan yo, oswa lè ou retire yo nan salè anplwaye yo. Kont an fidisi a pèmèt ou asire w taks ou dwe yo disponib lè ou gen pou fè deklarasyon taks pou revni.

Nou ap mande w pou w ouvri yon kont an fidisi lè ansyen pèfòmans ou yo montre ou souvan gen rès taks pou w peye.

Lè yo anile oswa sispann yon Sètifika Otorizasyon oswa yo refize ba ou yon Sètifika Otorizasyon

Nou ka anile oswa kanpe Sètifika Otorizasyon ou a pou nou kolekte taks sou lavant ak itilizasyon, lè ou pa reponn ak pwòp volonte w ak kèk obligasyon pou dwa sou taks, pa egzanp lè ou pa depoze yon deklarasyon oswa ou pa peye yon taks. Si nou anile oswa kanpe Sètifika Otorizasyon ou a, w ap gen entèdiksyon pou w fè nenpòt biznis

Paj 8 sou 8 Piblikasyon 131 (10/19)

nan Eta New York kote ou gen obligasyon pou w gen yon Sètifika Otorizasyon. Si ou eseye kite biznis la ouvri avèk sètifika yo anile oswa yo kanpe a, oswa ou kòmanse yon nouvo biznis san sètifika ki obligatwa a, nou ka ba ou penalite sivil ak kriminèl. Epitou, nou ka refize ba ou *Sètifika Otorizasyon an* si ou pa t respekte Lwa sou Taks yo anvan sa.

Si nou kòmanse ak pwosesis pou anile oswa sispann yon *Sètifika Otorizasyon*, oswa si nou refize bay yon *Sètifika Otorizasyon*, nou ap enfòme w sou dwa ou genyen pandan chak etap nan pwosesis la, li gen ladan l dwa ou genyen pou konteste. Nou kapab kanpe pwosesis la nenpòt kilè si sikonstans yo jistifye l, pa egzanzp si ou reponn ak responsabilite ou yo.

Reprezantasyon pandan yon aktivite rekouvreman

Ou ka reprezante tèt ou, oswa chwazi yon lòt moun pou reprezante w. Nenpòt moun ki reprezante w dwe gen otorizasyon alekri ki apwopriye a (*yon pwokirasyon*) ou ba li pou li aji nan non w. Pou kapab jwen enfòmasyon sou kòman pou ranpli yon pwokirasyon, ale sou sit entènèt nou a oswa rele nou (gade nan *Èske ou bezwen èd?*).

Lisans ak garanti

Si ou pa peye taks ou yo, nou menm oswa yon lòt ajans gouvènman an ka anile oswa kanpe lisans ou a oswa lòt sètifika ki ba w otorizasyon pou biznis la. Nou ka likide oswa aplike sou dèt pou taks ou a nenpòt obligasyon oswa lòt garanti ou te depoze pou yon lisans. Si yo anile yon obligasyon, ou dwe jwenn yon nouvo obligasyon anvan ou kapab rekòmanse aktivite biznis ki mande yon obligasyon.

Rezoud yon pwoblèm oswa depoze yon

plent

Si ou gen yon pwoblèm avèk Depatman Taks la epi ou pa t ka rezoud li atravè wout ki nòmal yo, oswa si pou nenpòt rezon ou gen yon plent konsènan depatman an, ale sou sit entènèt nou a oswa rele nou (gade nan *Èske ou bezwen èd?*)

Selon ki kalite plent ou genyen, reprezantan nou yo ap ede ou rezoud li oswa l ap refere l pou yo egzamine l pi plis.

Èske ou



Vizite sit entènèt nou an www.tax.ny.gov

- jwenn enfòmasyon epi jere taks ou yo anliy
- verifye nouvo sèvis ak fonksyon anliy nou yo.

Telefòn pou w jwenn èd

Sant Enfòmasyon pou Taks sou Revni Pèsonèl:	518-457-5181
Sant Enfòmasyon pou Taks nan yon Sosyete:	518-485-6027
Sant Enfòmasyon pou Taks sou Lavant:	518-485-2889
Sant Enfòmasyon pou Taks yo Kenbe:	518-485-6654
Sant Enfòmasyon pou Divès Kalite Taks:	518-457-5735
Pou kòmande fòm ak piblikasyon yo:	518-457-5431
Pou voye Tèks sou Telefòn (TTY) oswa TDD itilizatè ekipman yo	Fè 7-1-1 pou Sèvis Relè nan New York